

BAB I **BUBUKA**

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis mangrupa kaparigelan nu kudu dicangking siswa dina prosés diajar atawa pangajaran. Tarigan (2008: 21) nétélakeun yén nulis miboga harti nurunkeun atawa ngalukis lambang-lambang grafik jeung ngagambarkeun hiji basa nu bisa kaharti ku hiji jalma sangkan jalma liana bisa maca lambang-lambang grafik éta tuluy maham kana basa ogé gambar grafik. Toyidin (2013) nétélakeun yén téks biografi mangrupa riwayat hirup jalma (bio: hirup; grafi: catetan atawa tulisan) nu di tulis ku batur. Eusina ngadadarkeun ngeunaan riwayat hirup hiji jalma, nu masih kénéh hirup atawa nu geus maot nyaéta ti mimiti leutikna, Riwayat atikanna, karierna, préstasina, karyana, jeung sajabana. Nulis miboga mangpaat dina kahirupan, sabab jadi sarana komunikasi jeung ékspresi diri. Ku sawatara éta hal, kamampuh nulis jadi salasahiji kaparigelan penting nu kudu di cangking ku siswa luyu jeung kaparigelan basa dina pangajaran basa Sunda.

Dina Capaian pembelajaran (CP) Fase F Buku Saku Kurikulum Merdeka Bahasa Sunda ngeunaan Menulis atawa Nulis, tujuan atawa capaian nu kudu di hontal ku siswa dina nulis téh nyaéta “*Peserta didik mampu menyajikan informasi atau pesan (gagasan, pikiran, atau perasaan) dan kreativitas dengan bahasa Sunda dalam tipe teks tulis nonfiksi secara benar, logis, kritis, kreatif, dan santun untuk tujuan tertentu dengan memperhatikan kaidah tatabahasa, ejaan, dan tanda baca yang benar*”.

Dumasar kana Capaian pembelajaran nu geus di jentrékeun diluhur, modél *project based learning* (PJBL) ieu dipiharep bisa ningkatkeun kamampuh siswa sarta mékarkeun modél – modél pangajaran basa Sunda hususna pikeun pangajaran nulis téks biografi. Ku ayana modél berbasis *project* ieu, siswa dipiharep bisa ningkatkeun kreativitas sarta népikeun ogé milih informasi anu bener. Salian ti éta, siswa dipiharep bisa nulis téks biografi kalawan merhatikeun kana kaidah kabahasaan, éjahan jeung struktur téks biografi anu sesuai.

Fakta nu karandapan, masih loba siswa nu ngarasa hésé nulis téks biografi, tapisualana nu karandapan ku siswa dina nulis téks biografi téh béda-béda. Anapon dumasar (Rabi & Muzammil, n.d.) ieu pasualan nulis téks biografi téh aya 6, nyaéta:

- a) siswa teu maham kana struktur téks biografi sarta téks biografi nu di tulis teu luyu jeung strukturna;
- b) kurang dina latihan nulis;
- c) éjahan sarta kaidah kabahasaana masih kéneh kurang;
- d) siswa teu bisa milah-milih informasi anu hadé;
- e) siswa hésé nepikeun informasi nu di cangking kalawan jelas ogé maké gagasan nu terstruktur;
- f) kurangna motivasi siswa.

Tina hasil wawancara panalungtik jeung guru basa sunda MA Ar – Rahman Cikalongwetan nyaéta bapa Acep Dudung Imadudin, S.Pd dina dintén Sénén ping 10 Maret 2025 ngébrehkeun siswa di Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan anu jumlah 30 masih kurang dina ngagunakeun basa Sunda hususna nalika pangajaran nulis téks biografi, siswa katawis masih bingung kana milah – milih kécap nu kédah ditulis. Salian ti éta, teu acan aya guru anu ngalarapkeun modél pangajaran sarta kurangna inovasi – inovasi anyar ka siswa sangkan bisa numuwuhkeun sumangét diajarna dina nulis téks biografi.

Pikeun ngungkulan ieu pasualan diluhur, dibutuhkeun inovasi ngeunaan métode diajar ka siswa. Ku kituna perlu modél pangajaran nu éféktif sangkan bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa sarta ngungkulan pasualan nu karandapan ku siswa salila diajar nulis téks biografi. Modél pangajaran mangrupa hiji kagiatan anu di desain atawa dirancang husus sangkan kagiatan diajar bisa diterima leuwih gampang ku siswa. Dina ieu kagiatan, siswa teu ngabogaan beban nalika diajar sabab geus aya desain modél husus pikeun nyingkahan éta pasualan. Modél pangajaran di bagi kana dua bagéan nyaéta modél pangajaran individu jeung kélompok. Salian ti éta, ieu modél bisa dipaké pikeun mikanyaho tipé diajar siswa leuwih condong kana visual atawa auditif.

Salasahiji modél pangajaran nu di desain jeung dirancang pikeun ngamekarkeun pangajaran basa sunda sarta dipiharép bisa ngungkulan kana masalah nu di randapan ku siswa dina nulis téks biografi nyaéta modél *project based learning* (PJBL). Modél *project based learning* (PJBL) mangrupa salasahiji modél pangajaran berbasis proyék ngagunakeun media. Siswa dibimbing pikeun *eksplorasi, menilai, interpretasi, sistesi* jeung *informasi* sacara kelompok tuluy dipresentasikeun sangkan meunang hiji proses pangajaran nu mangpaat pikeun siswa dina proses diajar (Hosna, dina Pratiwi, spk. 2020).

Larapna modél *project based learning* (PJBL) dina pangajaran nulis téks biografi dipiharep bisa méré pangaruh anu positif, siswa dipihareup leuwih aktif dina diskusi kelompok, babagi ide, gawé baréng, sarta nulis téks biografi kalawan luyu jeung struktur, éjahan ogé kaidah kebahasaanana.

Modél *project based learning* (PJBL) geus di talungtik saméméhna ku Sintia taun 2024 dina wangun skripsi anu miboga judul "*Modél PJBL dina materi pakeman basa (studi kuasi eksperimen ka siswa VIII SMPN 2 Bandung Taun Ajar 2023/2024)*". Hasil panalungtikan sintia, kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modél PJBL katitén ngaronjat. Tina hasil panalungtikan sintia kamampuh siswa saméméh dilarapkeun modél PJBL mibanda rata-rata peunteun 51, sabada dilarapkeun modél PJBL kamampuh siswa ngaronjat sabab mibanda rata-rata peunteun 83. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén ieu modél PJBL miboga pangaruh dina ngaronjatkeun pangaweruh siswa hususna dina pangajaran pakeman basa.

Dumasar kana pedaran diluhur, ieu panalungtikan anu miboga judul "*Modél Project Based Learning (PJBL) dina Pangajaran Nulis Teks Biografi (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan Taun Ajar 2024/2025)*" perlu dilakukeun pikeun mikanyaho éféktif atawa bisa dipaké jeung heunteuna modél PJBL dina pangajaran nulis téks biografi di fase F hususna kelas XI MA Ar – Rahman Cikalongwetan.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

Idéntifikasi sarta rumusan masalah mangrupa salasahiji hal penting tina ieu panalungtikan. Anapon idéntifikasi jeung rumusan masalah na baris dipedar saperti ieu di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus di jéntrékeun di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaeta:

- 1) Kurangna inovasi anyar ngeunaan modél – modél pangajaran pikeun ngaronjatkeun sarta numuwuhkeun sumangét siswa dina diajar;
- 2) Téks biografi nu ditulis ku siswa teu luyu jeung aturan nulis téks biografi nyaéta struktur, éjahan sarta kaidah kabahasaana;
- 3) Siswa teu bisa milih kécap basa sunda nu bénér sarta masih kénéh bingung dina milih informasi nu rék ditepikeun;

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun nganggunakeun kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 saméméh dilarapkeun *modél project based learning* (PJBL)?
- 2) Kumaha kamampuh nulis Téks biografi siswa Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL)?
- 3) Naha aya béda antara kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL) ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan tangtu miboga tujuan, nu dipédar kana dua bagian nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon tujuan umum sarta husus ieu panalungtikan dipédar saperti di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji modél PJBL éféktif atawa bisa dipaké jeung henteuna dina pangajaran nulis téks biografi.

1.3.2 Tujuan Khusus

Dumasar kana rumusan masalah saméméhna, ieu panalungtikan sacara husus miboga tujuan pikeun ngadéksripsikeun:

- a. kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan Taun Ajar 2024/2025 saméméh dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL);
- b. kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL);
- c. béda kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA Ar – Rahman Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 saméméh jeung sabada ngalarapkeun modél *project based learning* (PJBL).

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat kaélmuhan hususna dina widang pangajaran basa Sunda sacara téoritis ogé praktis. Mangpaat ieu téh ngawéngku kana sababaraha hal nyaéta sacara téoritis jeung praktis anu di pédar saperti di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat sacara teoritis dina panalungtikan sangkan bisa ngamekarkeun téori modél – modél basa Sunda nu geus aya hususna dina pangajaran nulis nyaéta nulis téks biografi. Hasil panalungtikanna, bisa jadi alternatif pikeun guru dina kagiatan diajar atawa kagiatan ngajar materi basa Sunda ngagunakeun modél PJBL. Anapon ieu panalungtikan miboga harepan bisa éféktif dilarapkeun ka siswa dina pangajaran basa Sunda hususna dina matéri pangajaran nulis nyaéta nulis téks biografi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngawéngku kana tilu hal, anu dipedar di handap.

- a. Pikeun siswa, jadi salasihiji motivasi diajar hususna dina matéri nulis téks biografi sabab ayana modél *project based learning* (PJBL) nu leuwih ngirut ka siswa;
- b. Pikeun guru, bisa jadi alternatif atawa inovasi anyar dina ngalarapkeun modél pangajaran nyaéta modél *project based learning* (PJBL);

- c. Pikeun nu nalungtik, bisa jadi salasahiji motivasi sangkan tuluy mekarkeun pangajaran basa Sunda maké modél-modél pangajaran nu ayeuna geus loba rupana sarta bisa jadi inovasi anyar pikeun ngaronjatkeun minat sarta kaweruh siswa dina diajar basa Sunda.

1.5 Rohang Lingkup Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga rohang lingkup anu dijieun kana sababaraha bab. Unggal bab miboga péso atawa lingkup anu tangtu béda, supaya leuwih jéntré rohang lingkup panalungtikan dipédar saperti di handap.

Bab I Bubuka. Aya sababaraha hal anu diguar nyaéta ngeunaan kasang tukang panalungtikan, tuluy ngaguar ngeunaan rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus nu aya dina ieu panalungtikan. Salian ti éta, ngaguar ogé ngeunaan mangpaat jeung nu pamungkas aya rohang lingkup panalungtikan.

Bab II Ulikan Téori dilébétna ngaguar ngeunaan ulikan téori dasar ngeunaan PJBL sarta téks biografi sacara ngaruntut. Anapon hal – hal nu dipedarna nyaéta modél pangajaran, modél *project based learning*, ciri – ciri modél *project based learning*, karakteristik modél *project based learning*, kaonjoyan modél *project based learning*, langkah – langkah modél *project based learning*, tiori anu patalina jeung téks biografi, pangajaran nulis téks biografi, pédaran panalungtikan saméméhna, raraga mikir anu jadi konsep dasar sarta hipotésis.

Bab III Méthode Panalungtikan. Ngaguar minangka konsep panalungtikan salasahijina nyaéta désain panalungtikan, tuluy kana prosedur, sumber datana, instrumén anu bade di ujina, téhnik ngumpulkeun sarta ngolah data, pamungkasna ku uji sipat data anu ngawéngku ngeunaan uji normalitas jeung hipotésis.

Bab IV Hasil ogé Pédaran Panalungtikan dijenrékeun hasil panalungtikan sacara lengkep, némbongkeun data panalungtikan sarta larapna modél PJBL dina pangajaran nulis téks biografi.

Bab V Kacindekan jeung Rékomendasi. Bab pamungkas, méré kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus di laksanakeun jeung méré rékomendasi sangkan ngahudang pamaca pikeun bisa neuleuman kana ieu panalungtikan dina mangsa kaharapna.